



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 5 MILYON DOLA KI BAY POU KAT
KOLÈJ AK INIVÈSITE POU REYALIZE EKONOMI ENÈJI PWOFON EPI EDE
KONBAT CHANJMAN KLIMATIK**

*Konkou Energy to Lead la rekonèt pwojè sou kanpis ki konplè, rantab ki pèmèt
avanse ak dekarbonizasyon bilding*

*Pwojè Building Performance Lab nan City College of New York, New York Medical
College, Syracuse University ak Vassar College enspire pwochen jenerasyon lidè
klima yo*

*Sipòte ajanda sou klima Gouvènè Cuomo ki se lidè nan nasyon an, sa gen ladan
yon rediksyon 85 pousan nan emisyon gas a efè de sè rive 2050*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a plis pase 5 milyon dola rekonpans pou kat kolèj ak inivèsite pou ede yo reyalize ekonomi nan enèji ki pwofon ak konbat chanjman klimatik nan kad konkou Energy to Lead la. Building Performance Lab nan City College of New York, New York Medical College, Syracuse University ak Vassar College pral resevwa plis pase 1 milyon dola chak pou devlope pwojè konplè ak rantab ki fè avanse dekarbonizasyon bilding yo pandan l ap entegre kontribisyon etidyan yo ak angajman kominote a, sa gen ladan de pwojè ki pral aplike pèfòmans enèji nèt zewo nan aplikasyon renovasyon ak nouvo konstriksyon yo. Anons sa a sipòte ajanda sou klima ak enèji pwòp Gouvènè Cuomo ki se lidè nan nasyon an, sa gen ladan yon rediksyon 85 pousan nan emisyon gaz a efè de sè yo rive 2050.

"Kolèj ak inivèsite yo nan sant enspirasyon pwochen jenerasyon lidè klima yo pou kreye ak aplike solisyon enèji pwòp dirab ki konbat chanjman klimatik", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Konkou Energy to Lead te kreye yon opòtinite pou rann etidyan, pwofesè ak lidèchip vin otonòm pou ede New York bay solisyon ki gen fèb emisyon kabòn pou youn nan zòn ki pi difisil nou yo pou dekarbonize—bilding yo—pandan sa ap ankouraje yon gwo santiman fyète konsènan kapasite pou kreye yon lavni ki pi vèt ak pi pwòp sou kanpis yo ak nan kominote ki ozalantou yo".

Nan kad konkou Energy to Lead la, kanpis sa yo pral fè avanse plan sou enèji pwòp yo ki pral detèminan nan atenn objektif Eta New York yo pou reyalize yon pak imobilye ki net an kabòn, enspire pwochen jenerasyon lidè sou klima yo ak bay opòtinite solid pou angajman etidyan yo. Pwojè yo, konbine, ta dwe ekonomize 4,604 tòn metrik kabòn chak ane, sa ekivalan ak retire prèske 4,000 machin sou wout la chak ane. Pwojè yo

bay opòtinite edikatif ak pwofesyonèl pou etidyan ak kominote lokal yo. Anplis de sa, pwojè yo pral bay avantaj pou kominote lokal yo nan ede redui emisyon yo nan zòn lan. Chak benefisyè pral pataje pi bon pratik yo nan bay dokiman oryantasyon pou distribiye sou kanpis ak nan evènman edikasyon siperyè yo pou planifikasyon, finansman ak aplikasyon replikasyon. Sa pral ede maksimize enèji kantifyab ak rediksyon gaz a efè de sè yo nan pwòp kanpis yo ansanm ak lòt kanpis nan eta a.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Kolèj ak inivèsite yo ki rekonèt atravè Konkou Energy to Lead la ap dirije nan bay egzanp ak fè avanse batay nou kont chanjman klimatik nan angaje kominote kanpis la nan youn nan defi ki pi presan nan epòk nou an. Pwojè irezistib yo pral founi rezilta ki redui kabòn lan anpil, ede devlope lidè klima alavni epi amelyore aksè pou enèji pwòp avèk solisyon ki kapab repwodui ak fèt sou gwo anplè".

Gayan Energy to Lead yo

City College of New York - Building Performance Lab - 1.4 milyon dola: Pral devlope yo pwosesis sistematik ki baze sou kontwòl pou pèsonèl etablisman yo ak operatè bilding yo pou ogmante kapasite yo pou byen jere ak byen mete an sèvis sistèm konsomasyon enèji prensipal yo sou kanpis la. Pwojè a pral deplwaye, teste ak dokimante yon pwosesis sistematik pou angaje etidyan yo ak pèsonèl etablisman yo nan aplike pwosedi ki baze sou sistèm otomatizasyon bilding yo ki ofri kontwòl nan itilizasyon elektrisite.

Prezidan City College of New York la, Vincent Boudreau, te deklare, "Pwojè sa a fèt pou edike konsomatè enèji yo sou efikasite ki baze sou done yo. Efikasite enèji pami pi gwo priyorite yo nou gen pou devlope yon lavni dirab epi City College eksite pou pataje ekspètiz li nan domèn sa a".

New York Medical College - 1.3 milyon dola: Pral konsevwa ak aplike yon sistèm jesyon bilding ki gen kontwòl dijital dirèk nan tout kanpis la ki pral konbine sistèm ki egziste yo avèk kontwòl nouvo ak avanse pou kreye yon sèl sistèm pou HVAC (Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizè) sou kanpis la, ponp refwadisman ak chodyè, ak kontwòl ekleraj. Sesyon fòmasyon yo pral fèt pou ede pèsonèl etablisman yo optimize pèfòmans sistèm lan ak yon plan aksyon klimatik sou kanpis la ki pral aplike pou fè envantè emisyon gaz a efè de sè ak itilizasyon enèji sou kanpis la. Kanpis la pral reyalize aktivite sansibilizasyon ak edikatif pou enfòmè etidyan yo ak kominote a sou pwogrè pwojè a.

Chanselye ak Direktè Egzekitif Jeneral New York Medical College, Doktè Edward C. Halperin, M.D., M.A., te deklare "New York Medical College (NYMC) angaje pou fè avanse efikasite enèji entèlijans ak replikab ak solisyon konsèvasyon nan kanpis Valhalla nou an. Rekonpans Energy to Lead la pral kontribiye nan enstalasyon teknoloji kontwòl bilding trè modèn ki pral baz yon gwo rediksyon pwodiksyon gaz a efè de sè nan tout kanpis la. Nou pa ka tann pou wè pwojè sa a ap sèvi kòm yon opòtinite aprantisaj enpòtan pou kò etidyan nou an pou aprann kijan enstitisyon yo kapab gen enpak

mezirab sou aksyon klimatik yo atravè operasyon responsab yo. Pwojè sa a pral sèvi kòm yon egzantp tanjib estanda wo pou jerans anviwònmantral ke NYMC aspire".

Syracuse University - 1.3 milyon dola: Pral reyalize pwojè renovasyon nan yon bilding dètwa kanpis ki gen 8 inite, pwofite solisyon kreyatif, rantab yo pou devlope, analize ak aplike pèfòmans enèjetik nèt zewo a Pwojè a pral evalye enpak sous enèji renouvlab yo, sistèm efikasite wo yo ak kontwòl bilding entèlijan ki santre sou okipan yo pou ogmante ekonomi enèji yo. Etidyan yo pral patisipe nan modèl, similasyon ak evalyasyon enèji sou pèfòmans bilding lan. Pwojè a pral ankouraje ak pataje tou avèk kominote lokal la atravè yon ekspozisyon nan Mize Syans ak Teknoloji Inivèsite a.

Vis Chanselye ak Rektè Pwovizwa Syracuse University, John Liu, te deklare, "Syracuse University fyè de gwo ekip entèdisiplinè a k ap aplike ekspètiz Achitekti, iSchool ak Enjeniri nan yon pwoblèm reyèl nan enèji dirab. Non sèlman pwojè a pral bay yon prèv konsèp pou renovasyon nèt zewo yon bilding ki egziste men pral konsidere tou faktè imen yo nan anviwònman ki konstwi a. Pi enpòtan toujou, li pral bay yon anviwònman rechèch rich pou etidyan nou yo pandan renovasyon an ak apre, pandan y ap swiv endikatè pèfòmans yo ak kòmantè kalitatif yo sou pwojè a".

Vassar College - 1.1 milyon dola: Pral konstwi yon bilding nouvo, emisyon nèt zewo pou Institute for the Liberal Arts kolèj la avèk yon tablodbò ki rapòte pwogrè sou konstriksyon ak enstalasyon. Li pral gen ladan swivi done an tan reyèl pou demontre enpak ak rezilta pwojè a. Etidyan Vassar yo pral kontribiye nan pwojè a atravè rechèch epi nan analize endikatè pèfòmans bilding lan pou verifye ekonomi ki reyalize yo atravè konstriksyon nèt zewo a.

Prezidan Vassar College, Elizabeth H. Bradley, te deklare, "Depi nan kòmansman pwojè a, misyon nou pou Institute for the Liberal Arts se te kreye yon espas ki ankouraje kolaborasyon inovatè ant Vassar, rejyon nou an ak monn lan. Nou onore dèske yo chwazi nou kòm yon gayan Konkou Energy to Lead la epi pa ka tann pou reyalize pwojè sa a".

Konkou Energy to Lead la, ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap administe epi ankadre kolèj ak inivèsite yo k ap fè efò pou yo atenn objektif finansye, anviwònmantral, akademik ak kominotè yo atravè solisyon enèji pwòp yo. Nan twa faz, konkou Energy to Lead la te resevwa 82 soumisyon ki soti nan 56 kolèj prive ak piblik epi te bay dis kolèj ak inivèsite plis pase 11 milyon dola depi 2016. Gayan nan tan pase yo enkli:

- **Bard College** Ti Santral Idwo-elektrik pou Gwo Enpak
- **Broome Community College** Laboratwa Aprantisaj Jeyotèmik
- **Rochester Institute of Technology** Konsèvasyon Enèji atravè Analiz Dinamik Sikilasyon Lè ak Gwo Demann
- **Suffolk County Community College** Sant Enèji Renouvlab ak STEM
- **University at Buffalo** Lokalize Avni Enèji Renouvlab Buffalo
- **University of Rochester** Nan Direksyon Nèt Zewo: Yon Solisyon Evolitif Pwodiksyon Solè ak Estokaj Enèji

Senatè Kevin Parker te deklare, "Konkou Energy to Lead la se yon inisyativ ki gen enpak ki pèmèt nou bay ankourajman epi gen ladan inivèsite lokal yo nan efò pou atenn objektif enèji pwòp nou yo. Mwen aplodi NYSERDA ak Gouvènè Cuomo dèske yo kontinye aplike inisyativ ki pral rasanble patnè yo nan kominote a pou amelyorasyon anviwònman an".

Senatè Toby Ann Stavisky te deklare, "Konkou Energy to Lead NYSERDA a pèmèt enstitisyon edikatif siperyè yo devlope fason pou fè avanse enèji pwòp ak redui emisyon gaz a efè de sè yo. Pwojè gayan yo gen vizyon sou lavni ak kreyatif, epi pral bay gwo avantaj pou kanpis yo ak kominote ozalantou yo. Pandan odyans yo mwen te reyalize nan otòn 2019 la, ekspè yo temwaye ke emisyon nan kolèj yo se te yon sous prensipal emisyon gaz a efè de sè. Rekonpans sa yo pral ede redui polyan sa yo. Plis pase 5 milyon dola ki bay sa yo pral kontribiye anpil nan ede etidyan jodi yo tounen lidè klima nan demen".

Manm Asanble a Michael Cusick te deklare, "Amelyore efikasite enèjetik nan bilding nou yo se yon eleman enpòtan pou atenn objektif enèjetik ak klimatik anbisyè eta nou an. Bon travay kèk nan enstitisyon edikasyon siperyè ki pi rafine nan eta nou an pral kontribiye anpil nan redui emisyon sou kanpis yo epi pral sèvi kòm egzant pou rès eta nou an".

Manm Asanble, Deborah J. Glick, te deklare, "Meyè kolèj ak inivèsite New York yo byen plase pou fè avanse pwogrè nou nan direksyon netralite kabòn nan tout eta a. Mwen pa ka tann pou wè inovasyon benefisyè Energy to Lead yo devlope pou konbat chanjman klimatik, ak finansman nan eta a alavni k ap fè avanse lidèchip sou enèji vèt nan enstitisyon edikasyon siperyè nou yo".

Aprann plis sou Konkou Energy to Lead la ak pwojè ki te jwenn rekonpans yo [sou entènèt](#).

Konkou Energy to Lead la pa aksepte aplikasyon ankò, men enstitisyon edikasyon siperyè New York yo elijib pou patisipe nan [Defi Kanpis REV](#) ak aplike pou [Defi Kabòn Komèsyal ak Endistriyèl](#) ak [Kabòn Net pou Devlopman Ekonomik](#). Manm Defi Kanpis REV yo kapab resevwa tou òf esklizif ak sipò atravè NYSERDA [Pwogram FlexTech](#) pou lanse efò enèji pwòp sou kanpis.

Bilding yo se youn nan sous emisyon gaz a efè de sè nan Eta New York epi entegre efikasite enèji ak mezi elektrifikasyon yo nan bilding ki egziste yo pral redui polisyon kabòn ak ede vin genyen bilding ki pi dirab, sen ak konfòtab. Atravè NYSERDA ak pwogram sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola ap investi pou dekarbonize bilding yo nan Eta a. Lè nou amelyore efikasite enèji nan bilding yo ak ajoute estokaj, renouvlab ak ekipman rechaj pou veyikil elektrik yo sou plas, Eta a, Eta a pral redui polisyon kabòn epi atenn sib anbisyè pou li redui konsomasyon enèji nan 185 BTU (Inite Tèmik Britanik) rive 2025, ki ap ekivalan ak alimantasyon 1.8 milyon kay. Efikasite enèjetik konte pou 75 pousan djòb ki gen nan sektè enèji pwòp la onivo New York, epi plan

anbisye eta genyen pou l redui polisyon kabòn lan pral jenere 1.8 milya dola anplis nan avantaj sosyal ak anviwònmanal.

Plan klimatik nasyonal Eta New York la

Ajanda sou klima lidè nan nasyon Gouvènè Cuomo a se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo-emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li apiye sou investisman san parèy New York yo pou ogmante enèji pwòp ki gen ladan plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè renouvlab a gran echèl yo nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon nan bilding yo, 1.8 milya dola pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp yo ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank. Ansanm, investisman sa yo ap sipòte plis pase 150,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kot yo (offshore wind) an 2035. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap apiye sou pwogrè sa epi redui emisyon gaz a efè de sè yo nan 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman enèji pwòp yo direksyone pou kominote defavorize yo ak fè avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji Eta a nan 2025 pou diminye konsomasyon enèji sou sit pa 185 trilyon BTU (Inite Tèmik Britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)